

# Vwazen, Zanmi ak Fanmi

## Men yon Plan Sekirite pou Fanm kap sibi vyolans

Eske mari-w ap maltrete-w, men ou pa konnen ki sa pou ou fè pou proteje tèt ou, ni kouman pou ou kraze yon kite sa?

Moun ki te ba-w ti liv saa gen kè sote pou sekirite-w, e li sispèk kèk siy ki montre kapab gen vyolans. Li vle fè-w konnen ke lap sipòte-w, menm si ou paka anpeche mari-w fè violans sou ou, ou ta dwe en mezi pou-w òganize yon plan pou sekirite-w ak sekirite pitit ou yo.

Ti liv sa esplike ki aksyon ou kap fè pou proteje tèt ou ak pitit ou yo, e li esplike tou, kouman pou ou fè yon plan, pou ou kite kay la.

Vwazen, Zanmi ak Fanmi se yon kanpay pou louvri je tout moun sou vyolans ke fanm ap sibi, konsa fanm sa yo ki nan difikilte, ka jwenn mwayen pou yo mande sekou.

Se responsablite tout moun k-ap viv nan yon kominote pou prevni abi kap fèt sou fanm. Ou kapab pran kontak ak òganizasyon nan kominote-w pou ede -w.

Kanpay sa se yon tèt kole ant gouvènman Ontario, Direksyon Jeneral Kondisyon Fanm nan Ontario e moun ki espesyalize nan Koze Vwazin, Zanmi ak Fanmi, pa lantremiz Sant Rechèch e Edikasyon sou vyolans sou fanm ak ti moun.



## Prepare yon Plan Sekirite

Bati Yon Plan pou sekirite se premye priyorite, kit ou vle rete nan kay la, kit ou vle pati. Bati plan sekirite saa, vle di, konnen kisa pou-w fè egzakteman pou proteje tèt ou ak pitit ou yo.

Wap jwenn Anba paj saa kèk konsèy ki kapab ede-w. Fè aksyon yo youn aprè lòt, epi kòmanse ak sa ki parèt pi fasil la, e ki ka ba-w plis sekirite.

### Pwoteje tèt ou lè wap viv ak yon Moun ki vyolan:

- Pale de sa ak yon moun ke ou fè Konfyans
- Reflechi sou kouman li te konn bat ou e a ki kalite britalite li te konn fè-l. Sa ka ede-w prevwa nan ki danje ke ou menm ak timoun ou yo ye e kilè pou-w deside kite kay la.
- Esplike pitit ou yo ke fè vyolans sou moun pa yon bon bagay. Menm si moun kap fè move zak saa, yo renmen-l anpil. Esplike yo ke ni yo menm, ni ou menm pa gen anyen pou wè nan zak vyolans ke wap sibi, fè yo konprann ke li enpòtan anpil pou yo pwoteje tèt yo kont tout fòm abi.
- Chwazi davans yon kote pou ou ale nan ka sikonstans. Aprann timoun yo kouman pou yo mande sekou. Aprann yo pa eseye antre nan mitan-w ak patnè-w si gen gen goumen kap fèt. Prevwa yon mo ke ou menm ak ti moun yo ka utilize pou konnen kilè pou yo kouri ou pou mande sekou si jwèt la gate.

## Lè ou pare pou-w kite kay la

### Men kèk konsèy si wap fè plan pou-w kite kay la:

- Pa ale kote ti moun yo ye pou evite patnè-w la frape yo tou.
  - Kreye yon plan pou ka kite kay la an sekirite e pratike-l davans ak ti moun ou yo.
  - Mande vwazen, zanmi ak fanmi pou yo rele lapolis si yo tandè bri dròl ki montre lap bat ou e pou yo voye je sou ti moun yo pou ou nan ka sikonstans.
  - Si ta gen yon diskisyon ki pete, ale yon kote ki ka pèmèt ou sove kite kay la fasilman. Pa ale kote ki gen zam (tankou kizin, atelye, sal de ben).
  - Si lap bat ou, proteje vizaj ou, ak bra-w antoure tèt ou ak dwèt ou sere ansanm. Pa pote foula ni bijou.
  - Kanpe machin ou pa bak e toujou ranpli-l ak gaz.
  - Sere kle-w, telefòn ak yon ti kòb, tou pre kote-w te planifye pou-w jete-w la.
  - Toujou genyen avè-w yon list nimerò telefòn pou-w ka rele mande sekou. Rele lapolis si ou santi ou an danje. Kay sekou- ki nan kominote-w la oubyen lapolis ki nan zòn kote ou rete a kapab ba ou yon telefòn pòtatif ak bouton panik.
  - Fè an sèt ke tout zam ak minisyon kache ou byen retire yo andidan kay la.
- Kontakte lapolis ou kay refij pou fanm ki nan zòn lakay ou. Fè anplwaye yo konnen ke-w gen entansyon pou-w sòti nan yon sitiyasyon ki malouk anpil, mande yo tou, pou ede-w fè yon bon plan sekirite. Mande pou yon polis ki profonde nan ka fanm ki sibi vyolans (infòmasyon ou bay lapolis, kapab itilize kòm akizasyon kont Gason vyolan nan tribinal)
  - Si ou blese, prese al wè yon doktè, ou byen, ale nan sal ijans nan yon lopital, epi explike yo sa ki sot rive-w. Mande pou yo ekri yon rapò sou vizit ou a.
  - Rasanble tout dokiman enpòtan ke ou genyen tankou: kat didantite, kanè bank, papye byen fanmi an, dènnye rapò enpo Kanada, kle, medikaman, foto patnè- w la ak timoun yo, paspò, kat de sante, kanè adrès ak telefòn, telefòn pòtatif e dokiman ofisyèl (tankou papye imigrasyon, papye kay, achte ou lwe, zòd konsiyasyon.

## Prepare-w pou-w kite kay la

- Si ou gen difikilte pou sere dokiman sa yo la kay ou paske ou pè pou patnè-w pa jouenn yo, fè fotokopi epi sere yo kay yon moun ke ou fè anpil konfyans. Kay refij pou fanm nan kapab kenbe yo pou ou tou.
- Tcheke yon avoka. Sere tout prèv ki ka montre abi fizik (tankou foto). Kenbe yon jounal ki ka eskplike tout abi li fè-w, ekri dat yo, evènman, menas ak non moun ki ka sèviw temwen.
- Mete ansanm foto, bijou ak tout bagay ki gen yon vale santimantal, mete ansanm tou, jwèt ak tout bèbèl ti moun yo.
- Fè yon antant ak yon moun pou okipe pou yon ti bout tan, bèt domestik ou yo, an atandan ke ou enstale-w yon lòt kote. Yon kay refij ka ba ou yon ti kout men.
- Sonje pou ou efase nimero telefòn moun ou te rele an denye a, konsa li pap ka itilize touch refè nimero pou verifye ki moun ou te rele yo.

## Kite Gason vyolan an

### *Men kèk konsèy pou sekirite pèsònèl ou lè ou ap kite kay la:*

- Mande pou yon machinn lapolis akonpaye-w ou byen mande yon zanmi, yon vwazen, ou yon manb nan fanmi-w pou akonpaye-w lè wap kite kay la.
- Kontakte kay refij pou fanm ki tou pre lakay ou. Se kapab pou yon ti tan pi bon plas pou sekirite-w olye ou ale yon kote ke patnè-w la konnen.
- Pa janm di misye si wap kite-l. Kite kay la vit, san avètisman.
- Toujou genyen yon dezyèm plan pou sizoka patnè-w la ta dekouvri kote ou prale.

## Aprè ou fini kite kay la

### *Men kèk bagay ou dwe fè aprè ou fin koupe tout relasyon ak patnè a:*

- Ale nan pòs polis ki pi prè e mande pou pale ak yon polis ki profonde sou kesyon fanm ki sibi vyolans.
- Sonje pou-w mande yon dokiman ki bay yon lòd ou byen yon angajman pou pa trouble lòd piblik kont patnè a. Sa ka ede-w fè-l kanpe lwen pa kote ou ye ak timoun yo. Toujou mache ak manda sa sou ou.
- Bay lapolis yon kopi tout lòd ke ou genyen ki sòti nan lajistis.
- Chache yon avoka ou byen yon konseye jiridik pou ou konnen ki sa pou-w fè pou ou pwoteje tet ou ak ti moun ou yo. Fè avoka-w la konnen si gen pouwit kriminèl.
- Pa bliye chanje tout abònman ke ou te pataje avèk ansyen patnè-w la.
- Mande pou yo ba ou yon telefòn ki pa nan liv telefòn. Fè mete yon system ki ka pèmèt ou wè tout numero lè yo rele-w e ki bloke nimero pa-w la lè ou rele.
- Sonje fè lekòl ak gadri pitit ou konnen sitiasyon an, epi fè yo jwenn yon kopi tout dokiman.

- Toujou genyen avèk ou yon foto gason vyolan an ak ti moun yo.
- Mande vwazen-w yo pou voye je sou ti moun yo pou ou. Si yo santi gen danje paske, yo wè mechan an, pou rele lapolis.
- Pran prekosyon nan travay ou, la kay ou, e nan katye kote ou rete a. Pa bliye pou-w fè sipevizè travay ou konnen nan ki sitiasyon ou ye.
- Fè efò pou-w sonje tout kote ou te konn abitye frekante ak tout abitud ansyen patnè a konnen, pou-w ka eseye chanje yo. Pa ekzanp anvizaje chanje plas kote ou konn fè mache oubyen legliz ou konn abitye frekante.
- Si ou santi ke ou pa an sekirite lè wap mache pou kont ou, mande yon vwazen, yon zanmi ou byen yon manb nan fanmi ou pou akonpanye-w.
- Pa janm retounen nan kay la sof si lapolis akonpaye-w. Pa janm fe fas kare ak gason vyolan an.

## Enfòmasyon

Liy Telefòn saa se pou fanm ki pale franse nan Ontario e kap sibi vyolans e: **1-877-336-2433** li bay sèvis 24 sou 24 e. Pou Fanm ki soud ou byen ki pa tande byen, nimerò a se: TTY **1-866-860-7082**. Liy sa yo bay sèvis la de fason konfidansyèl.

Moun ki travay sou liy telefòn sa a ka ede-w planifye pi byen sikirite-w, yo kapab ede-w jwenn yon plas nan yon sant refij pou fanm ki tou pre lakay ou. E li ka mete-w an kontak avèk lòt sant nan kominote-w la.

Pou plis rensèyman pou sèvis sou fanm ki sibi vyolans, vizite: **[www.briserlesilence.ca](http://www.briserlesilence.ca)** Si ou gen kè sote pou sekirite-w rele lapolis ki nan katye lakay ou.

*Pi fò moun kap viv nan Ontario santi ke se responsablite pa yo tou, pou konbat abi kap fèt sou fanm...premye bagay pou-w fè, se eseye konnen siy abi yo epi pran yo a kè. Pou plis enfòmasyon vizite: **[www.voisinsamisetfamilles.on.ca](http://www.voisinsamisetfamilles.on.ca)***

Mas 2009

Disponib an Fransé e lan lòt lang

Finanse pa Gouvèlman Onrario